Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул 12 август РУЗМАН

№32 (7415)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Администрациялъул ишал

## Терроризмалде дандечIараб комиссиялъул иргадулаб гуреб данделъи




10 августалда районалъул администрациялъул залалда районалъул бетIер, терроризмалде дандечIараб районалъул комиссиялъул председатель АнвархIажи Вечедовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана терроризмалде дандечIараб комиссиялъул иргадулаб гуреб данделъи.



Данделъиялда гIахьаллъана РФялъул терроралде дандечIараб миллияб комитеталъул вакилзаби бетIералда Владимир Масловгун, Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи-республикаялъул терроризмалде дандечIараб комиссиялъул вакил Сайпудин Сайпов, районалъул прокурорасул ишал тIуралев Ильяс Вакилов, заманалъ нилъер районалда бугеб РФялъул МВДялъул къокъаялъул нухмалъулев Владимир Кофанов, Болъихъ, ГIахьвахъ ва ЦIунтIа районазул администрациябазул бутIрузул жамгIияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ заместителал.

Гьениб гьоркьоб лъуна районалда 2013-2018 соназе терроризмалъул идеологиялде дандечIеялъе гьабураб комплексалъулаб план гIумруялде бахъинабиялъул суал.

Данделъи рагьулаго АнвархIажи Вечедовас бихьизабуна жакъа нилъеда цере чIарал суалал кколин цIакъ кIвар бугелллъун. Районалда цо къадаралъулаб хIалтIи гьабулеб буго терроризмалде дандечIараб. Бугониги, нилъеда тIадаб



буго гIумрудул мекъаб нухде унелгунги ва ине пикру бугелгунги ракI рагьараб хабар бицине, гьел битIараб нухде ккезариялъе кумек гьабизе.

ГIоркьоб лъураб суалалда тIаса кIалъазе вахъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель, терроризмалде дандечIараб комиссиялъул секретарь МухIамадрасул Гагиев.



КIалъазе вахъарав Дагъистаналъул БетIерасул кумекчи, республикаялъул терроризмалда дандечIараб комиссиялъул вакил Сайпудин Сайповас бихьизабуна ЦIумада район бахIарчиял васазул район букIин, ракIалде щвезабуна 1999 соналъул цIумадисезул бахIарчиял ишал.

-Нилъер аслияб мурадлъун ккола террористазул къерал тIагIинари, гьелъие къаригIуна киналго гIуцIабазул цадахъаб хIалтIи, хасго росдал мажгитазул имамзабигун ва диниял церехъабигун. Гьеб рахъалъ гIезегIан хIалтIи гьабуна ва гьабулеб буго районалда. БукIаниги, жеги сверухъ бугеб ахIвал-хIал хутIулеб буго захIматаблъун. Гьединлъидал, нилъ чучлъизе ва ричча-рихьан рукIине данде



кколаро, жакъа гьаб залалдаса къватIире рахъингун, бегьуларо гьеб суал кIочон тезеги, нилъер букIине ккола кидагосеб цадахъаб ва рагьараб хIалтIи,-ян абуна жиндирго кIалъаялъул ахиралда Сайпудин Сайповас.

Гьединго данделъиялда кIалъазе рахъана районалъул имамзабазул Советалъул председатель СаидхIусен-хIажи ПирмухIамадов, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса Гьарунов, боевикасул къоролай Зумрат ГIусманова. КIалъазе вахъарав РФялъул терроралде дандечIараб миллияб комитеталъул вакил Владимир Масловас разилъи загьир гьабуна терроризмалде данде районалда гьабулеб хIалтIудаса.

Нилъер аслияллъун ккола нилъер лъимал, нилъеца гьел цIунизе ккола, рохьазде ва Сириялде иналдаса. Гьезул букIинесеб нилъеда бараб буго,-ян абуна жиндирго кIалъаялъул ахиралда Владимир Масловас.



ХIасилалъулаб кIалъаялда районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас тIадчIей гьабуна районалда гIодобе биччараб ахIвал-хIал бугилан гIодоре риччан чIечIого, цIодорго рукIине ккеялда, росдал администрациябазда, киналго учреждениябазда ва гIуцIабазда ругел гIунгутIабазе ахир лъеялъе тадбирал гьареян.



Данделъиялъул ахиралда къабул гьабуна хIукмуги.

**Газеталъул пресс-хъулухъ**

ЛъикIал гIадамал

## Кидаго кумекалъе хIадурал

Ункъракьалъул гIадамазе машинадул шагьранухги гьечIого букIараб гIакъубазахIмат тарихалде анин абизе бегьула. Хасго ахирал соназ. Нижер халкъалъул рохалие гIурхъи букIинчIо росулъе нух бахъидал. Жакъаги баркала кьола ва дугIадулъ рехсола нижеца нух бахъиялъе квербакъаралщинал гIадамал. Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги гьезда.

ялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас, «ДЭП-40» районалъул нухазул участкалъул бетIер АхIмад Давудовас, ЦIунтIа районалъул нухал гIатIид гьариялда хIалтIуда вугев «Дорстройсети» ООО-ялъул прораб МухIамад ГIалиевас, тракторист МухIамад ШагIбановас, Цихалахъе нух бахъиялда хIалтIулев вугев «Газинжсети» ОООялъул прораб Камил Гъазиевас.



Амма нухал рахъарал гIелищхьа, гьезие къойилаб гьечIоники, моцIида жанибниги рацIцIа-гIатIилъиги хIажалъула, хасго нижер росулъе гIадинал, тамахаб ракьул нухал ругони. Исана гIемер цIадал ран, гьединго нух бахъараалдаса нахъе, гьеб бацIцIад ва гIатIид гьабичIого букIиналъ, гIадамазе ва автотранспорт хьвадиялъе хIинкъи цIикIкIараб букIана Метрада, Гъоркьхъварщини, ТIадхъварщини, Цихалахъ ва Хушет росабалъ унеб нухалъул «Хъархъилъ» абулеб бакIалда. Гьенисанго хьвадула Метрада бугеб аскариязул заставалъул ва Хушетибе щвезегIан нух бахъулеб бугеб «Газинжсети» ООО-ялъул бакIаб техникаги. Аллагьасул талихIалъ ккечIо гьел нухазда авариябе ккарал пашманал хIасилал. ЧIчукIун рачIун, транспорт хьвадизе кIолареб хIал букIана нухалъул. Кумек гьарун аскIоре индал, нижехъ гIин тIамун, мурад тIубан нахъе регIана Халкъияб Собрани-

Хасаб баркала загьир гьабизе бокьун буго Ункъракьалъул росабазул жамагIатазул рахъалдасан ункъо къоялъ тракторгун цадахъ кодоб газа-белгун риидалил багIариялъухъ балагьичIого, ракIбацIцIадго хIалтIарал Метрада росдал гIолохъабазе. Киназулго цIарал рехселаро, Аллагьас гьезие кири-даража азариде бахинабеги. Гьаб заманалда захIмат буго гIаданлъи, иман-яхI бугел гIадамал ратизе, амма нижер жамагIаталъул ва тIасиял росабазул гIадамазул гьеб щакълъи тIагIана нух бацIцIад гьабиялда хIалтIарал тIадехун рехсарал гIадамазул гIаданлъи, гьезул, хIалтIизе гуребги, инсанасул мурад тIубазе бугеб жигар бихьун.

Гьединал гIадамаз берцин гьабула росу, район. Ниж гIадин Аллагьги разилъаги гьездаса!

**Абулмуслим ГIалихIажиев,** Метрада росу

## Алиментал ккола жидерго лъималазе кьолеб напакъа

Ахираб заманалда гIемераб рагIула хIежалде яги хIухьбахъиялъе чидар пачалихъазде унаго, таможнялдасан нахъвуссинавунин абун бицунеб. ГIилла гьикъидал, баянлъула, жидеда тIад магъало бугел чагIи гьел рукIин. Ай, букIа гьеб я банкалдасан босараб къарз, къарз гьабун тукадасан босараб къайи-цIаялъул налъи, ялъуни жидерго лъималазе кьечIеб алимент-напакъа. Дагъистаналда гьеб рахъалъ аслияб бакI кколеб буго судалъ кьезе бихьизабун букIаниги, цо-цо гIадамаз жидерго лъималазе алиментал кьунгIутIи. ГIемерал кколел руго хъизанал ратIалъиялъул хIужаби ва, гьелъул хIасилалда, судалъ алиментал кьезе кьотIула, аслияб куцалда, умумузда. Абухъего, кIудиял ихтиярал кьун руго судалъул приставазе. Гьеб рахъалъ районалда ва, гьелдаго цадахъ, республикаялда бугеб хIалалъул гъоркьехун бахъунеб макъалаялда бицунеб буго республикаялъул бетIерав судебнияв приставасул заместитель МухIамадрасул ГIабдусаламовас.

ЦIумада ва ЦIунтIа районал жанире рачунеб ЦIумада районалъул судалъул приставазул отделалда тIад хIалтIи гьабизе кколеб кьоло микьго тIубазабиялъулаб иш, кагъат (производство) буго кIиго миллионгун микьнусиялда къоло лъабго азар гъурщиде гIакIа кьотIараб. Дагъистаналдаго босани, гьеб тарих бахуна микьнусиялда кIикьоялда анцIго миллион гъурущ бахъизе бихьизабураб микьазаралда ичIнусиялда лъабкъого тIубазабиялъулаб иш, кагъат. Араб соналде дандеккун, гьеб тарих ичIнусго ишалъ цIикIкIун буго.

Гьел кIудиял тарихал ругин абизеги бегьула цо-цояз, гьединлъидал, гьанибго бицун тела алиментал кьезе бихьизабураб къадар-роценги. Россиялъул Хъизаналъулаб кодексалъул ункъоялда цоабилеб статьялда рекъон, цо лъимер бугони, кьезе бихьизабун буго мухьалдасан ункъил бутIа, ай, къоло щуго процент. КIиго лъимералъе кьезе ккола мухьалъул лъебералда лъабго процент, ай, лъабил бутIа, лъабго ва цIикIкIун лъимал ругони-мухьалъул бащалъи, ай, кIикъоялда анцIго процент.

Алимент кьечIого, тамихIалде цIарав лъабго чи вуго ЦIумада районалда. Республикаялдаго гьаб соналъул байбихьудасан нахъе гьединазул къадар бахун буго кIинусиялда лъабкъоялда анцIила лъабго чиясде. ТамихI кьотIиги гьединазе букIуна улка бахун кьватIирехун ине гьукъи, банкалда бугеб гIарац «цIорозаби», ай гьеб гIарац нахъе босизе кIунгутIи, судалъул хIукмуялдалъун, харжалдасанго алименталъул гIарац гъоркьккvей, мал-мулк яги гIарац бахъи ва гь.ц.

Гьаб соналъул анкьго моцIида жаниб лъабазаралда нусиялда кIикъоялда анлъго чиясе «нух къана» Россиялъул гIорхъи бахине. Гьеб цIакъ гIадамазда «тункулеб» къагIида буго. Гьединабгоян абизе бегьула лъабнусиялда кIикъоабилеб федералияб законги. Гьелда рекъон, налъулав махIрум гьавула автотранспорт, мотоциклал, самолет, яхта ва цогидабги транспорт бачине бугеб ихтиярaлдаса. Азаргоялдаса цIикIкIун чиясе чIезабуна гьаб соналъ гьединаб гIорхъи.

КигIанго сурукъаб хабар букIаниги, абичIого гIоларо, бихьиназда гуребги, руччабаздаги гIакIа кьотIулеблъи, алиментал рахъулеблъи. Нусиялда ункъоялда анкьго тIубазабиялъул иш буго кIиго миллионалдасанги цIикIкIун гъурущ бахъизе бихьизабураб республикаялдаго гьеб рахъалъ.

Гьелдасанги сурараблъун бихьула анкьго хъизаналда тIад гIакIа кьотIи жидерго эбелинсуе напакъа кьезе. Аллагьас цIунаги гьединал лъималаздасанги.

Гьанибго тIаде жубала, щивав гражданинасул рес бугин жидеда тIад налъи бугищали лъазабизе. Интернеталдаса лъазабизе бегьула гьеб тIуразарияльул ишазул баяназул банкалдеги раккун. Гьеб бутIаялда гражданинас хьвала жиндирго фамилияги, цIарги ва инсул цIарги ва жаваб бачIуна экраналда налъи буго яги гьечIо абун. Бокьараб телефоналда жанисанги раккине рес буго гьеб лъазабизе. Гьединлъидал, гьари буго киназдего, хадубккун нилъеда гьоркьоб бичIчIунгутIи ккечIого букIине, гьеб хъулухъалдасан (услуга) пайда босеян.

Тохтурасул малъа-хъваял

## Цаби-гIусал цIуне

Берцинаб гьими киназего бокьулаан, амма гIемерисезул рахIат хвезабула кIалдир хварал цаби-гIусал рукIиналъ, гьезул тIогьилаб кьералъ. Лъиего бокьула хъахIал берцинал цаби рукIине, амма щивасул гуро гьеб анищ тIубалеб цаби хвезарулеб унти сабаблъун. Гьеб унтуе гIалимзабаз цIар кьун буго кариес абун. Дунялалдаго тIибитIараб



гIусазул унти бугоан гьеб. Щибха кколеб кариес? Цабзазул эмаль тамахлъун, кислота цIикIкIиналъ бактериябаз баккизабураб цаби турулеб унти. Кинха гьеб баккулеб? Инсанас кванан вахъаравго, цаби чуричIого тун, цабзазда гьоркьоб къараб кваница баккизабула гьеб, лъелъ, гьаваялда ва ракьулъ минералияб ц1ам ц1ик1к1ун бук1иналъ, гьединго дабал унтарал рукIиналъ лъугьуна кариесалъул хьал. Жиндир заманалда гIусазул тохтурасухъеги ун, сах гьариялъул уколал гьаруни, рес буго цаби цIунизе, яги цаби хвезе байбихьаралго, пломбаби лъун къачIазе ккола. Лъималазда лъабго сон баралдаса нахъе раккула кариес бугел цаби.10-12 сониде рахиндал рахьдал цаби хисигун ц1ик1к1ун унтула цаби.Кариесалдаса цаби цIунизелъун тохтурзабаз лъикIаблъун рикIуна къойил кIицIул цаби фтор гьоркьоб бугеб пастаги босун, щеткаялъ рацIцIад гьарун чури, чакар жаниб бугел кванил нигIматал ва гьекъолел жал квание дагьго хIалтIизари. Инсанасул чорхолъ кальций дагьлъарабго, турун хвезе байбихьула цаби. Унтарал цаби ккола инфекциялъул гьанситолъун, гьединлъидал гьез инсанасул чорхолъ раккизарула бат1и-бат1иял унтабиги. Гьелъ лъик1аб буго лъимал школалде иналдего къойил цаби рац1ц1ине ругьун гьари.

**С. ХIамзатов,** гIусазул тохтур

Лъазаби

Дагъистан республикаялъул гIадамазул (потребителазул) ихтиярал цIуниялъулгун гьезул яшав лъикIлъизабиялъул рахъалъ халкквеялъул федералияб хъулухъалъул территориалияб управлениялъул Болъихъ районалда бугеб территориалияб отделалъ Гъоркь-Гъаквари гьоркьохъеб школалъе 2006 соналъул 5 октябралъ къураб санитариябгун эпидемиологияб хIасилаб хIукму (№ 05.11.01.000.М.000082.10.06.) билун буго. Гьеб жакъа къоялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Спорт-спорт -спорт

# Арал гIодоркъоял районалда ана спортивиял тадбираздалъун

**ГЪИМЕРСО.** Араб шамат кьоялъ Гъимерсо тIобитIана росдал жамгIияв хIаракатчи ГIумаров ГIали ракIалде щвезавиялъул волейболалъул турнир.



-Гъадинал турнираз базабула гIолилазул ракI спорталдехун, ц1ик1к1инабула гьезул махщел, щулалъула гьезда гьоркьоб гъудул-гъалмагълъи- ян абуна, иргадулаб турнир рагъулаго, профессор АхIмад ГIазизовас. КIалъазе вахъарав районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас бихьизабуна: «Росулъ спортзал бугеб мехалъ, гьелъ квербакъула росдал гIолилазул спорталдехун рокьи бижизе, ва гьел куцала сахаб гIумруялде.Гьебги хIисабалде босун, меценат Кьурбан ГIумаровасул кумекалдалъун росулъ бана спортивияб залги мини футбол хIалеб байданги, жакъасеб тадбиралъул иш кодосевлъунги ккола гьев. Гьевгун цадахъ росуцоязги жигар бахъулеб буго районалда спорт цебетIезабиялъе ва районалъул гIолилазда гьоркьоб гъудуллъи щулалъиялъе. Жакъа гьаб тадбир тIобитIизе Кьурбангун цадахъ рачIун руго гьимсадерил сахал гIолохъаби-Дагъистан республикаялъул БетIерасул гIакълучи Камил Ланда ва профессор АхIмад ГIазизов. Баркала гьезие районалъул жамгIияб гIумруялъулъ гьабулеб жигараб гIахьаллъиялъухъ.»

Турниралъул гIахьалчагIазде ва районалъул гIолилазде хитIабалъулал кIалъаялгун цере рахъана Камил Ланда, КIванада росдал администрациялъул бетIер ХIадис Хизриев, районалъул гIолилазул цевехъан МухIамадкамил Камилов ва цогидалги.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна районалъул росабалъа 9 командаялъ. ХIалуцарал кьецазулъ тIоцебесеб бакI щвана ТIадгъакварисезул росдал командаялъе, кIиабилеб бакI-гъоркьгъакварисезул командаялъе ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана гьимсадерил команда.

Бергьаразе кьуна кубок, рекъон кколел даражабазул дипломал, медалал ва гIарцулал сайгъатал: тIоцебесеб бакIалъухъ



-50 000 гъурущ, кIиабилеб бакIалъухъ-30 000 ва лъабабилеб бакIалъухъ-20 000 гъурущ.

Гьединго турниралда чIезарун рукIана «лъикIав гъужумалъулав» ва «лъикIав цIунулев» номинациязда кубокал, грамотаби ва гIарцулал сайгъатал. Гьезие мустахIикълъана ТIадгъаквариса МухIамад ХIасбулаев ва Гьимерсиса МухIамад Шагърудинов.

Хушет росдал командаялъе кьуна бергьине жигар бахъиялъухъ 20 000 гъурущ.

Гьебго кьоялъ Гъимерсо тIоритIана спорталъул миллиял тайпабазул кьецал: турникалда нилъо щвезаби (подтягивание), 8 кг. бакIлъи бугеб гамачI рехи ва чIаралъуса кIанцIи.

Турникалда нилъо щвезабун тIоцебесеб бакI щвана Гьимерсиса Рамазан МухIамадовасе (26 нухалъ), кIиабилеб бакIалде ккана Гъоркьгъаквариса ГIазим МухIамадов (25 нухалъ) ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Гьимерсиса МухIамад МухIамадгIалиев. (23 нухалъ).

ГамачI рехун тIоцебесеб бакI ккуна Хушетиса Бадрусалам Зулиевас, кIиабилеб бакI щвана ТIадгъаквариса Шамил ХIасбулаев ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Гъоркьгъаквариса АхIмад МухIамадов.

ЧIаралъуса кIанцIун тIоцебесеб бакI щвана ТIадгъаквариса МухIамад ХIасбулаевасе (3.12 м.), кIиабилеб ва лъабабилеб бакIалде ккана Хушетиса Асадулагь МухIамадов (3.04 м.) ва Гъоркьгъаквариса АхIмад МухIамадов (Шагьидов) (2.96м.).

Миллиял тайпабазул кьецазулъ тIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал ккуразе кьуна 5 000, 3000, 2000 гъурущ ва рекъон кколел даражабазул дипломал.

Кьецал ана гIуцIадго. Баркула бергьаразда ва призеразда бергьенлъаби.

Гьеб кьоялъ гьениб гьалбадерие гIуцIун букIана хинаб кьадеквенги. КIудияб баркала Кьурбан ГIумаровасе тадбир гIуцIиялъухъ. Аллагьас сахлъи, рохел, икъбал ва талихI кьеги гьесие ва гьесул хъизан-лъималазе, гьабураб садакъаги кьабул гьабун батаги.

**АГЪВАЛИ**. 7 августалда Агъвали тIобитIана 1996-1998 соназ гьаурурал гIолилазда гьоркьоб рагъулаб самбоялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 90 спортсменас.

Турниралъул гIуцIарухъабилъун рахъана Дагъистан республикаялъул спорталъул министерство, Дагъистаналъул рагъулаб самбоялъул федерация ва райадминистрациялъул спорталъулгун туризмаялъул ва гIолилазул политикаялъул отдел.




Турнир рагьана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас.Гьес абуна: «Спорт буго ракълил вакил. Гьелъие нугIлъи гьабула жакъа нилъер чемпионаталда гIахьаллъулел Азербайджаналъул, Узбекистаналъул, Таджикистаналъул ва Украиналъул спортсменаз.»

Районалъул бетIерас баркала загьир гьабуна турнир гIуцIаразе, хасго Россиялъул рагъулаб самбоялъул мустахIикьав тренер НурмухIамадов ГIабдулманапие. Чемпионаталъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана жу-



рарал единоборствабазул (ММА) дунялалдаго цIар рагIарал речIч1ухъаби ХIабиб НурмухIамадов, Шамил Зауров, МухIамадрасул ХIасбулаев.

КIалъазе вахъарав тхэквондоялъул рахъалъан чIегIераб рачлил бетIергьан, республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул гIакълучи Камил Ландаца бицана инсанасул сахлъиялъе спорталъул бугеб кIваралъул, щибаб соналъ раккула ругел батIибатIиял спорталъул тайпабазул ва гIолилал ахIана спорталда машгъуллъизе.

Бергьараллъун ва призераллъун рахъана:

**52 кг** цIайиялда:1.ХIажимухIамадов Кьурбан 2.Будиев ГIабдулмажид 3.МухIамадов Хизри; **54 кг.** -1. Вагьабов Рашид 2. Рязаев Ряза 3. Залимханов Залимхан; **62 кг**-1. НурмухIамадов ГIусман 2. Акаев Рамазан 3. Валиянматов МухIамад

**68 кг** -1. ГьазимухIамадов АхIмад 2.Джамбеков Джанбек3. НурмухIамадов ГIабдулмажид; **74 кг** -1. АмирхIамзаев Камил 2. ГIабдурахIманов МухIамад 3. Мусаев АхIмад; **82 кг** -1. ГIалиев Ражаб 2. ГIабдулабеков Малик 3.НурмухIамадов ГIумар; **90 кг** 1. ГIалиев Иманшапи 2. МухIамадов ГIусман.

Бергьаразе ва призеразе кьуна гIарцулал сайгъатал,кубокал ва данде кколел даражабазул грамотаби.

Гьенирго тIоритIана профессионалиял кьецал: Россия-Украина, Россия-Азербайджан, Россия-Таджикистан ва Россия-Узбекистан ва бергьенлъи босана нилъер спортсменаз.

Балагъарал разиго хутIана чемпионаталдаса.

**Гъумер хIадур гъабуна МухIамад Кьасумовас**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -1777 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе ккола 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## БАРКИ



Дагъабцебе 85 сон тIубана гIумру ревизорлъиялъе кьурав, рикIкIадал 1950-лел соназ дагьабго мехалъ районалъул газеталъул жавабияв секретарлъунги хIалтIарав, жамгIияв хIаракатчи, гIолохъанаб гIелалъул лъикIав насихIатчи, хъвадарухъан ва шагIир Инхокъвариса ГIусман МухIамадовас.

ГIагарлъиялъ, хъизанлъималаз ва гьудул-гьалмагълъиялъ ракI-ракIалъ баркулеб буго ГIусманида гьеб байрам, гьарулеб буго гьесие жеги анцI-анцI соназ щулияб сахлъи, талихIаб халатаб гIумру, ракълилаб роцIараб зоб, хъизанлъималаздасан, ва гьезул талихIалдасан вохун хутIи.

## Ункъжугьаби

Ришват кьоларесе кибго нух гьечIо,
ЦIализе, хIалтIизе, сахлъи цIунизе.
Къварилъи бицине, кумек гьаризе
Жанисан вацIцIадав хIаким щоларо,
* * *
Щайзе Аллагь, дуца ракI бацIцIадаб кьун
ГIадлу бокьулеван гIумру халат кьун
Божулъ рекIкI гIемераб гIагарлъи бугев
Бидул кьаби борхун дун унтун толев?
* * *
Щай битIараб калам гьазий бегьичIеб,
Жидейги бокьулеб чидайги бокьи?
ХIалтIулъ бальголъаби гIемерал гьазул,
Аллагь гурхIа гьазда - ахIе дур нухда.
* * *
РитIухълъи, бащалъи тIолгоязеян
Къеркьарав дир течIо тIубазе мурад.
Хиянатал бергьун хутIана рекIелъ
Дирго росдайниги хIалтIун течIолъи.
* * *
БатIулалда мал бан хIакъаб бокьиялъ
ХIарамаб магIишат данд гьабулезе
Тушманлъун вахьиги дир чIухIи буго
ХIелуге нуж лъикIал, Аллагь гуресе!
* * *
ХьантIарал гIемерлъун гIаданлъи ана
Адаб - хIурмат дагьлъун жахIда цIикIкIана
ГIададияв вас мун имангун хьваде
Дунял, ахират дуй битIила дир вас.

## Мобильная приемная Президента РФ в г. Южно-Сухокумске

В соответствии с поручением руководителя рабочей группы при Администрации Президента Российской Федерации А.Э. Вайно от 5 февраля 2013 года № А1-501в, передвижной комплекс с онлайн-связью выезжает непосредственно на места, в субъекты Российской Федерации, для разрешения жалоб граждан и организаций. Мобильная приемная раз в сезон выбирается в субъект СКФО по заранее разработанному календарному графику.

В этот раз на связи оказался Дагестан, а именно - городской округ «город Южно-Сухокумск». 03 августа в 10:00 приемная президента начала свою работу, заняв место перед зданием Центра традиционной культуры народов России.



Для того чтобы задать интересующие вопросы, жителям города необходимо было всего-лишь зарегистрироваться, заполнив анкету и пройти в передвижной комплекс приемной.

Внутри приемной была организована видео-конференц-связь, по которой работники Управления Президента РФ проводили личный прием граждан.

Всего на приеме побывали 11 человек. Основные вопросы были бытового и социального характера.

Как сообщили сотрудники мобильной приемной, граждане получает письменные ответы на все заданные вопросы по адресам, указанным в анкетах.

## МухIамад Шамхалов гьавуралдаса 100 сон тIубаялде

ГIабдула Зубаиров

### Лъаларо, МухIамад, дун хIинкъун вуго



Авар каламалъул камилав устар,
Кицилъун хутIана магIарулазе.
Миллаталъул ургьел, унтараб ВатIан,
«Авар мацI» Расулил доб макъу гуро!

Дур бажари, къвакIи, магIарул намус,
Мисаллъун хутIана хадур гIолезе.
Детдомалда гIурав, гIумру бихьарав,
ГIелму-лъай гьвариdав, лъандадерил вас.

Гьанже рагIуларо ах-хур, хералъул,
Хурул бачIиналъул бицунеб хабар,
Авар мацI кIочараб албаназул тIел,
Араб бакI лъачIого тIагIунеб буго.

Гьанже магIарулаз гIурус каламалъ,
ГIураб кеп босула компаниязда!
«Культура цIикIкIарал» чиновниказабаз
Гьура-чункун бала чирмакъолониб.

Лъаларо, МухIамад, дун хIинкъун вуго,
ХIамзатов Расулил макъу гуро гьоб!
«Дедуля», «бабуля» цIикIкIунел руго,
ЦIар лъазе лъалареб чанги жо буго.

Зурмил къвакъвай гьечIо, кьолол сас гуро,
КъватIисеб музыка-мода гьеб буго.
Умумузул кьурди, халкъияз кучIдул,
Халатал мугжуца какулел руго.

.................

Муса МухIамадов

### МухIамад Шамхаловасде



ЦIумада вижарав цIа гIадинав вас,
Союзалдаго дур цIар тIибитIана
Ссун инарин ккола зодисан дур цIар,
ЦIумазул хIакъалъулъ тIахьал риччарав.

Хъвадарухъанлъиялъ къимат гьабурав,
Лъималазе жинца «ЦIудул вас» хъварав,
МухIамад Шамхалов -Лъондодаса вас
Лъуна дуца аслу къисаби хъвазе.

МагIарухълъиялда мун лъаларев чи
КъанагIат гурони ватизе гьечIо.
Къимат дуе къуна хъварал асараз
Санал ананиги, цIализе ругел.

«Салтанат», «Дир эмен», «Эбелалъул ракI»
РекIелъ асар гьабун, цIалулел руго.
«ГIумруялъул дарсал» дагъистанияз
Наслабазе кьезе цIунулел руго.

Гьваридал къисаби, къиматал харбал
Халкъалъе, МухIамад, хьван руго дуца.
Нилъер ВатIаналде рокьи цIикIкIарал
ЦIумазул хIакъалъулъ очеркал руго.

Чилъи рекIелъги ккун, адабги цIунун,
Хьвадана Шамхалов гьаб ракьалда тIад.
«БагIараб байрахъ» газеталъул мун
КIудав редакторлъун х1алтIулеб мехалъ.

РакI бацIцIадаб хIалалъ хIалтIиги гьабун,
Борхатго гурищ цIар дуца цIунараб.
ЦIумазул къисаби тIоцебе хьварав,
Чорок мун гьавизе гIемер лъугьана.

Къисматалъ ВатIан тун Туркалъ аразул
ХIакъикъатги цIехон, гьоболлъухъ щведал,
«ВатIаналъул унти» къватIиб биччайдал,
Бугьтанал тIад лъуна чорок гьавизе.

Чидар ракьалда ругел магIарулазул
РукIа-рахьин, гIадлу тIадгIан гьабуна.
ГIайибалги цIехон, цIадулъ рехана
Ран рукIанин гьегьал гьудуца дуда.

ВатIанги бокьулев, тIалъи хирияв,
ТIад тарал чагIазе хIели букIинчIев,
Гьудуллъи, гьоболлъи, вацлъи бокьулев
Кьураб рагIи ккола, хилиплъи гьечIев.

Лъидаго кIвечIо мун чорок гьавизе,
Рорхатал мугIрузда, гIодоблъиялда.
Мун гIураб Лъондода, лъарагIлъиялда
Чилъи дур цIикIкIиялъ, цIар борхалъиялъ.

Доба борхалъуда, хъахIилаб зодоб
ЦIвалъун мун гвангъила, моцIлъун кенчIела.